

BAB III

METODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1. Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1. Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa bagian anu kawilang penting dina hiji kagiatan panalungtikan, sabab méthodé panalungtikan mangrupa cara utama pikeun ngudag hiji tujuan nya éta pikeun meunangkeun data.

Méthode nya éta hiji cara anu dilakukeun dina prosés panalungtikan. Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif.

Méthode déskriptif nya éta méthode anu dina prakna henteu kawatesanan ku ngumpulkeun data hungkul, tapi ngawengku analisis, klasifikasi, jeung interpretasi (Winarno dina Eriswati, 1999:28).

Tujuan ngagunakeun méthode déskriptif dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun atawa sangkan meunang gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat pupujian di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang. Dumasar kana éta tujuan, alesan digunakeunana méthode déskriptif dina ieu panalungtikan ku sabab hayang meunangkeun data tur méré gambaran ngeunaan wangun, eusi jeung harti tina pupujian nu aya di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang.

3.1.2. Téhnik Panalungtikan

Luyu jeung métode anu digunakeun sarta pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, téhnik anu baris digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka, observasi, jeung wawancara.

1. Studi Pustaka

Studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data jeung informasi ngeunaan téori anu aya patula-patalina jeung subjék panalungtikan atawa garapan panalungtikan. Dina enas-enasna data nu geus ditimukeun téh bisa dijadikeun landasan dasar jeung alat utama pikeun ngalaksanakeun panalungtikan.

2. Observasi

Observasi nya éta niténan langsung hiji objék anu bakal ditalungtik. Dina kagiatan panalungtikan, observasi bisa dilakukeun ku cara tés, kuesioner, rékaman gambar, jeung rékaman sora (Arikunto dina Hermawan, 2005:24).

Téhnik observasi dilakukeun sangkan aya gambaran anu nyata ngeunaan kaayaan jeung digunakeunana pupujian di daérah anu keur ditalungtik. Dina ieu hal, panalungtik bisa salaku pengamat atawa bisa ngalibetkeun diri sacara langsung dina situasi nu keur ditalungtikna, bisa ogé sacara aktif partisipatif dina situasi nu keur ditalungtikna.

3. Wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik pengumpulan data nu digunakeun panalungtik pikeun meunangkeun katerangan-katerangan lisan ngaliwatan komunikasi langsung jeung jalma nu bisa méré katerangan ka si panalungtik.

Téhnik wawancara dilaksanakeun ngaliwatan komunikasi langsung jeung masarakat, pimpinan pondok pesantren, pangajar pasantren, parasantri, ibu-ibu pangaosan, jeung tukang adan (muadzin) anu aya di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupaten Sumedang.

Tujuan ngagunakeun téhnik wawancara nya éta pikeun meunangkeun tur ngalengkepan informasi atawa data ngeunaan pangajaran pupujian.

3.2. Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta cara atawa alat anu digunakeun ku anu nalungtik dina enggoning ngumpulkeun data, sangkan pagawéanana leuwih gampang tur hasilna ogé leuwih hadé, dina harti leuwih gancang, lengkep, jeung sistematis sangkan datana leuwih gampang diolah (Arikunto, 1997:136).

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Sajumlahing patalékan anu diasongkeun atawa ditanyakeun ka narasumber, jeung
- 2) Alat rékaman (tape recorder jeung kaset), digunakeun dina ngumpulkeun data téks pupujian di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupaten Sumedang nalika ngayakeun observasi. Data anu geus dirékam tuluy ditranskripsikeun kana tulisan pikeun satuluyna diolah.

3.3. Populasi jeung Sampel

3.3.1 Populasi

Populasi atawa “universe” nya éta sakabéh unit atawa individu anu ditalungtik sifat jeung karakteristikna. Populasi nya éta sakabéh objék anu rék ditalungtik dina hiji kagiatan panalungtikan, boh mangrupa barang, manusa, kajadian atawa gejala-gejala anu rék kajadian (Suyatna, 2002:10).

Numutkeun Surachmad dina Prihadi (2004:39), anu dimaksud populasi nya éta sajumlahing data anu baris ditalungtik sarta saeutikna mibanda sifat anu sarua.

Dumasar kana éta katerangan, populasi dina ieu panalungtikan nya éta sajumlahing pupujian anu kapanggih di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupaten Sumedang.

3.3.2. Sampel

Sampel nya éta sabagian atawa sakabéh populasi anu baris ditalungtik sarta dianggap representatif tina populasi téa (Surachmad dina Prihadi; 2004:39).

Numutkeun Suyatna (2002:11) nétélakeun yén;

Sampel merupakan bagian dari populasi serta dipandang dapat mewakili populasi. Dalam kenyataannya jarang sekali atau bahkan tidak pernah bisa menemukan sampel yang merupakan replika dari populasi. Usaha maksimal yang bisa dikerjakan adalah mendapatkan sampel yang memiliki sifat-sifat atau ciri-ciri yang mendekati papulasi.

Ieu panalungtikan ngagunakeun sampel acak (*random sampling*). Jadi sampelna dipilih ku cara acak. Tina lima puluh dua judul puisi pupujian nu

kapanggih di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupaten Sumedang, ditangtukeun 10 judul pupujian pikeun sampel.

3.4. Léngkah-léngkah Panalungtikan

Rarancang garapan dina ieu panalungtikan ngawengku opat tahap nya éta:

- 1) Tahap tatahar,
- 2) Tahap ngumpulkeun data,
- 3) Tahap ngolah data, jeung
- 4) Tahap nyusun laporan.

3.4.1. Tahap Tatahar

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap tatahar ngawengku:

- 1) Nangtukeun judul panalungtikan,
- 2) Nyieun proposal panalungtikan,
- 3) Konsultasi jeung dosén pangaping, jeung
- 4) Ngaréngsékeun surat ijin panalungtikan.

3.4.2. Tahap Ngumpulkeun Data

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap ngumpulkeun data ngawengku:

- 1) Ngalaksanakeun observasi,
- 2) Wawancara, jeung
- 3) Ngumpulkeun data anu aya patalina jeung panalungtikan.

3.4.3. Tahap Ngolah Data

Sabada ngumpulkeun data, data anu geus dikumpulkeun téh satuluyna diolah dumasar kana téhnik-téhnik ngolahna anu geus dipedar tiheula.

Léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Nyusun data,
- 2) Nganalisis data, jeung
- 3) Nyieun kacindekan analisis.

3.4.4. Tahap Nyusun Laporan

Tahap nyusun laporan mangrupa tahap pamungkas sanggeus data diolah jeung dianalisis. Sanggeus panalungtikan diolah ahirna disusun kalawan puguh éntép seureuhna dina wangun skripsi.

